

Enstriksyon sou Preparasyon Koloskopi

Preparasyon Dòz Separe Miralax+Gatorade+Dulcolax

Dat ak lè randevou:

Lè randevou a (tanpri vini 1 èdtan an avans):

Eleman ki sou lis kontwòl la:

Prevwa yon moun ki pou akonpanye w lakay ou aprè operasyon an

- Yon adilt ki responsab dwe akonpanye w lakay ou
- Si ou pa genyen yon moun ki pou akonpanye w, yo dwe anile operasyon w lan

Konsilte Enstriksyon sou Jesyon Medikaman yo

- Si ou ap pran antikowagilan, medikaman pou dyabèt oswa medikaman GLP1 pou pèdi pwa, ou ka nan obligasyon pou w sispansan pran yo oswa ajiste dòz la avan operasyon an

Achte atik sa yo ki anba a:

- Achte 1 boutèy polyethylene glycol 3350 an poud** – boutèy 238 gram (Miralax, Purelax)
- Achte 1 bwat nan konprime Bisacodyl (Dulcolax) 5 mg** – w ap bezwen 4 konprime antou
- Achte 1 boutèy 64 ons nan bwason espòtif (Gatorade, Powerade)** – chwazi vèsyon ki pa gen anpil sik la si w dyabetik



Anplasan ak enfòmasyon kontak:

Moakley building 2nd floor (Suite 2200)
830 Harrison Avenue
Boston, MA 02118

pou planifikasyon randevou

Andoskopi:

617-414-2600, opsyon 1

pou sant enfimyè Andoskopi yo:

617-414-2420

Medsen jeneralis lannuit/wikenn:

617-638-7243

ENFÒMASYON ENPÒTAN

Enstriksyon ak preparasyon pou rejim “3-2-1” an:

3jou anvan randevou ou an:

- Kòmanse yon **rejim ki fèb an fib** (konsilte lis sa yo bay la)

2 jou avan:

- Kontinye rejim alimantè ki fèb an fib la jouk rive minui
- **Brase poud Miralax la nan yon boutèy yon bwason spòtif 64 ons (Gatorade)** – souke li epi mete li ann frijidè

1 jou avan:

- Kòmanse yon **rejim likid klè sèlman** (konsilte egzanp sa yo ki anba a)
- Konsilte **Enstriksyon sou Jesyon Medikaman yo** ankò
- @ 2 PM: pran 4 konprime bisacodyl (Dulcolax)
- @ 8 PM: **Bwè ½ nan preparasyon bwason spòtif laksatif lan**

JOU OPERASYON an

- **Byen bonè nan maten: Fin bwè preparasyon bwason spòtif l aksatif lan**

- Ou dwe fin bwè li *omwen 2 èdtan avan* randevou ou an

- **Ou ka kontinye bwè likid ki klè jiska 2 èdtan avan randevou ou an**

- **Tanpri rive 1 èdtan anvan pwosedi w la**

Likid ki akseptab yo:

Dlo, soda klè, bwason pou spòtif

Ji *san ma*, Jell-O, ice pops

Kafe nwa oswa te *san lèt oswa krèm*

Bouyon klè (san grès oswa lwil)